



FEMA



Nivo Inondasyon pou Baz Konsiltatif (ABFE) Dapre Ouragan Sandy

Lè kominote yo kòmanse retounen nan aktivite yo apre gwo konsekans Ouragan Sandy, li enpòtan pou rekonèt leson nou aprann yo epi pou anplwaye aksyon diminyasyon dega k ap asire fondasyon kay yo rebati pi solid, pi pwoteje, epi mwen frajil nan evènman inondasyon pivevan yo.

Anvan Ouragan Sandy, Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA), antan administratè Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon (NFIP), t ap re-etidye zòn litoral New Jersey ak New York pou fè chanjman nan Kat Jewografik Asirans pou Inondasyon (FIRM). Yo te dwe distribiye kat jewografik ajou sa yo ba ofisyèl eta ak ofisyèl lokal yo nan mitan ane 2013 la. Paske yo te devlope FIRM ki la deja yo pou zòn sa yo depi plis pase 25 ane, epi paske FIRM ki ajou yo poko fini, li enpòtan pou bay Nivo Inondasyon pou Baz Konsiltatif (ABFE) akoutèm pou sipòte efò rekonstwiksyon an.

ABFE yo baze sou bon jan syans ak jeni, epi yo sòti nan dènye done ak metodoloji etid amelyore parapò avèk FIRM ki la deja yo. Dapre yon evalyasyon ki fèt apre dènye evènman ouragan yo, tankou Ouragan Sandy, FEMA te detèmine nivo inondasyon pou baz ki endike nan FIRM ki la deja yo pa montre dènye risk pou danje inondasyon kotyè a yon fason ki apwopriye. Nan pifò ka yo, ABFE yo montre yon nivo inondasyon ki pi wo pase dènye FIRM kontwòl yo. Pwopriyetè kay ak biznis yo ta dwe kontakte ofisyèl konstwiksyon zòn yo pou yo ka pi byen konprann nenpòt egzijans pou itilize ABFE yo nan efò rekonstwiksyon an.

ABFE yo ap disponib pou kominote ki nan zòn sa yo:

- Konte New Jersey yo: Atlantic, Bergen, Burlington, Cape May, Essex, Hudson, Middlesex, Monmouth, Ocean, ak Union.
- Konte New York yo: Bronx, Kings, New York, Richmond, Queens, ak Westchester.

Resous Disponib yo

- Pou jwenn enfòmasyon sou Sekou akòz Ouragan Sandy, ale sou Entènèt nan sitwèb: www.fema.gov/sandy
- Pou aplike pou Asistans pou Katastwòf, ale sou Entènèt nan sitwèb: <http://www.disasterassistance.gov/>
- Lòt enfòmasyon sou Nivo Inondasyon pou Baz Konsiltatif ap disponib nan mwa desanm 2012 sou Sitwèb Zòn Lakòt Rejyon II FEMA, ale nan: www.Region2Coastal.com
- Pou poze kesyon epi pou jwenn enfòmasyon sou asirans pou inondasyon ak enfòmasyon jeneral sou Nivo Inondasyon pou Baz Konsiltatif, rele Sant Èd Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon nan nimewo 1-800-427-4661
- Pou konnen fason pou bati avèk plis pwoteksyon ak plis sekirite, epi pou pètèt diminye prim asirans ou pou inondasyon, pran fèy enfòmasyon *FEMA Building Science Resources to Assist with Reconstruction After Hurricane Sandy* depi ou ale sou sitwèb <http://www.fema.gov/library/viewRecord.do?id=6651>
- Pou wè si ou kalifye pou sibvansyon ak prè pou Diminyasyon Danje, ale sou Entènèt nan sitwèb: www.fema.gov/hazard-mitigation-assistance
- Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Asirans Nasyonal pou Inondasyon, oswa pou jwenn yon ajan asirans, ale sou Entènèt nan sitwèb: www.FloodSmart.gov oswa rele 1-888-229-0437
- Pou jwenn enfòmasyon sou kòd konstwiksyon lokal ak sou egzijans pèmi, kontakte ofisyèl kominote ou

Kouch done ak kat jewospasyal pou zòn sa yo ap disponib nan sitwèb Zòn Lakòt Rejyon II FEMA, www.Region2Coastal.com, nan mwa desanm 2012. Enfòmasyon sa yo ap vini avèk konsèy pou enfòmasyon ofisyèl federal, ofisyèl eta a ak ofisyèl lokal yo, epi pou ede yo pran desizyon reflechi sou rekonstwiksyon.


Yo te itilize ABFE yo avèk siksès nan efò rekonstwiksyon an apre Ouragan Katrina (2005). Anpil kominote ki nan Louisiana ak Mississippi te adopte ABFE yo, ki te pèmèt pwopriyetè kay ak biznis yo rebati kay yo pi wo epi avèk plis pwoteksyon, epi nan kèk ka, sa te pèmèt gen rabè nan prim asirans yo pou inondasyon pou moun ki gen kontra asirans ki nan zòn ki gen gwo risk yo.

Nan New Jersey ak New York, ofisyèl federal yo, ofisyèl eta yo ak ofisyèl lokal yo, konpayi konstwiksyon yo, achitèk yo, pwofesyonèl asirans yo, pwopriyetè kay ak biznis yo ta dwe itilize ABFE yo pou pran desizyon reflechi sou

rekonstwiksyon, epitou pou diminye konsekans evènman inondasyon yo pidevan. Moun ki chwazi pou pa itilize ABFE yo ap rate yon bon jan opòtinite pou diminye risk inondasyon yo pidevan. Answit, kominote ki patisipe nan Sistèm Klasman

Kominote NFIP kapab resevwa

kredi pou adopsyon prensip ki pi avanse pase egzijans minimòm NFIP, sa k ap pèmèt gen rabè nan prim pou moun ki gen kontra asirans ki nan zòn ki gen pi gwo risk.



Modèl ABFE pou montre itilizasyon an sèlman

Moun ki gen kontra asirans nan ta dwe konnen lwa ki kapab afekte tarif asirans yo pidevan. Lwa 2012 Biggert-Waters sou Refòm Asirans pou Inondasyon mande NFIP pou elimine sibvansyon ak rabè nan asirans pou inondasyon, epi pou ogmante tarif yo pou montre vrè risk pou inondasyon. Dispozisyon sa yo ka gen yon gwo konsekans pidevan sou tarif pou pwopriyete ki pa respekte egzijans NFIP, epi pwopriyete ki pa respekte fiti nivo inondasyon pou baz ap wè prim yo gen gwo ogmantasyon.

Enfòmasyon ki itilize pou devlope ABFE yo ap fè pati nan sa ki itilize pou fè chanjman nan FIRM yo. Tarif prim asirans yo p ap ogmante, epi egzijans pou achte asirans p ap aplike jouk lè nivo inondasyon pou baz ki revize vin depannde revizyon, kòmantè ak adopsyon gouvènman lokal yo fè. Kominote yo jwenn bon ankourajman pou itilize ABFE yo pou rebati yon fason

ki pi solid, pi pwoteje, epi avèk frajilite redui pou evènman inondasyon pidevan. Divilgasyon done ki fyab ak



apwopriye sou danje pou inondasyon se senpleman yon fason FEMA ap ede moun k ap pran desizyon yo asire kominote lakòt New York ak New Jersey retounen nan aktivite yo yon fason ki pi entelijan ak pi fò apre evènman sa a ki fè anpil dega a.

Pou jwenn lòt enfòmasyon konsènan ABFE, tanpri ale sou Entènèt nan sitwèb www.Region2Coastal.com nan mwa desanm 2012. Answit, l ap enpòtan pou pwopriyetè kay ak biznis yo travay avèk ofisyèl lokal yo pou yo pi byen konprann nenpòt egzijans pou itilize ABFE yo nan rekonstrikasyon. Desizyon pwopriyetè kay ak biznis yo ap pran kounye a kapab ede bay yon avni ki pi pwoteje ak pi solid pou fanmi yo oswa biznis yo.

Anvan konstwiksyon an, pwopriyetè kay ak biznis yo ta dwe kontakte ofisyèl gouvènman lokal yo pou detèmine nivo obligatwa pou kay yo oswa pou bilding yo.